

PRANATACARA 1

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Nuwun,

Bapak Kepala sekolah SMK Tunas Harapan ingkang dhahat kinurmatan, Bapak Wakil Kepala Sekolah Bidang Kesiswaan, Bapak Ibu Guru, Karyawan, saha para siswa ingkang winantu ing suka basuki.

Keparenga kula nggempil kamardikan panjenengan sedaya, awit kula piniji panitya kinen ngaturaken urut reroncening Upacara Pelantikan Pengurus OSIS SMK Tunas Harapan Periode 2019/2020.

Ananging saderengipun kula ngaturaken rantamaning adicara menika, sumangga kula dherekaken ngonjukaken puji syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT, ingkang sampun kepareng paring karohmatan dhumateng panjenengan sedaya dalasan kula, satemah saged kempal manunggal kanthi karaharjan, nir ing sambekala.

Bapak ibu guru tuwin para siswa, keparenga pranatacara ngaturaken lampahing titilaksana Upacara Pelantikan Pengurus OSIS SMK Tunas Harapan Periode 2019/2020, ingkang sampun karantam dening panitya, nun inggih:

1. Purwaka
2. Atur palapuran saking Wakil Kepala Sekolah Urusan Kesiswaan ing mangke badhe dipunsalirani dening bapak Purnama Ghufon, S.Pd.
3. Kepyakan/Pelantikan Pengurus OSIS kalajengaken tanggap sabda Bapak Kepala Sekolah.
4. Atur sapala saking pangarsa OSIS enggal
5. Pandonga
6. Panutup

Bapak ibu guru ingkang winantu ing bagya mulya, makaten menggah urut reroncening Upacara Pelantikan Pengurus OSIS SMK Tunas Harapan Periode 2019/2020. Kasuwun wontena suka lilaning penggalih para lenggah tansah hanjenengi ngantos dumugi paripurnaning adicara menika Nuwun, nuwun, matur nuwun.

.....
Bapak Ibu ingkang satuhu kinurmatan,
Sumangga adicara menika dipunwiwiti kanthi ndedonga miturut kapitadosanipun sowang-sowang, ndedonga kasumanggakaken cekap.

Adicara ingkang angka kalih atur palapuran Wakil Kepala Sekolah Urusan Kesiswaan.
Dhumateng ngarsaning Bapak Purnama Ghufon, S.Pd. wekdal kula sumanggakaken.
.....





Makaten atur palapuran dening Wakil Kepala Sekolah Urusan Kesiswaaan, ngancik adicara angka tiga keyyakan/Pelantikan Pengurus OSIS kalajengaken tanggap sabda Kepala SMK Tunas Harapan ingkang winantu ing pakurmatan panjenenganipun Bapak Waskitho, M.Pd. Pramila dhumateng Pengurus OSIS enggal, kula aturi majeng ing sasana ingkang cumawis saperlu nindakaken upacara punika lan kasuwun kersaa Bapak Kepala Sekolah paring tandha simbolis Pelantikan Pengurus OSIS enggal menika. Nuwun.

.....

Para lenggah ingkang satuhu kinurmatan,

Makaten adicara Pelantikan Pengurus OSIS saha tanggap sabda saking Bapak Kepala Sekolah SMK Tunas Harapan. Kanthi keyyakan menika ateges dinten menika Pengurus OSIS sampun resmi kalantik lan jejibahan menapa kemawon ingkang magepokan kaliyan OSIS sampun kedah kasangkul saha katindakaken kanthi samesthinipun. Sumangga sami caos panjurung amrih pengurus OSIS enggal menika tansah pinaringan rahayu, gampil ing pamikir, saha gangsar anggenipun ngayahi sesanggeman menika.

Tumapak adicara candhakipun atur sapala pangarsa OSIS enggal. Dhumateng pangarsaning pengurus OSIS enggal, panjenenganipun Mas Pangga Ari Mahmurudin kula sumanggakaken.

.....


Adicara salajengipun inggih menika pandonga, ingkang badhe dipunsalirani dening seksi kerohanian Agama Islam. Pramila dhumateng Bapak Eko Sudadi, S.Pd. wekdal saha sasana wicara kula aturaken.

.....

Bapak ibu ingkang kinurmatan,

Pinangka pungkasaning adicara, nenggih panutup. Pramila kula ingkang piniji pinangka pambiwara ing Upacara Pelantikan Pengurus OSIS SMK Tunas Harapan Periode 2019/2020 menika ngaturaken agunging panuwun saha nyuwun agunging pangaksami mbokbilih kathah bab ingkang boten mranani penggalih panjenengan sadaya. Wusananing atur dhumateng Pengurus OSIS SMK Tunas Harapan Periode 2019/2020 ingkang sampun kalantik, kula ngaturaken sugeng makarya, mugi tansah manggih karaharjan, rahayu ingkang pinanggih, widada ingkang jinangka.

Para lenggah ingkang dhahat kinurmatan, sumangga adicara menika dipunpungkasi kanthi ndedonga miturut kapitadosan sowang-sowang, ndedonga kasumanggakaken cekap.



YAY!

Nuwun, nuwun, Matur nuwun.

Wassalamu'alaikum wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?



PRANATACARA 2

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Para sesepuh, pinisepuh ingkang tuhu kinabekten. Dhumateng panjenangnipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan dalasan keluarga. Saha dhumateng para rawuh kakung sumawana putri ingkang dhahat kinurmatan.

Langkung rumiyin sumangga tansah kula dherekaken manengku puja dalah puji syukur wonten ngayunan dalem Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha nikmat tuwin kekiyatan, satemah panjenengan lan kula wonten ing wekdal menika tasih saget kempal manunggal nyawiji wonten ing menika papan kanthi ginanjar karaharjan. Shalawat saha salam mugi katetepna dhumateng Nabi Agung Muhammad SAW ingkang tansah panjenengan lan kula antu-antu menggah barakah syafa'atipun wiwit gesang wonten ing alam dunya dumugi ing alam akhirat.

Sagung para tamu ingkang dhahat kinurmatan, mugi linepatna ing deduka, tinebihna ing salwiring sesendu. Kalilalana, kula matur wonten ing ngarsa panjenengan sedaya, satemah nggempil kamardikan panjenengan sawetawis ingkang nembe eca sekeca nggenya wawan sabda. Mradapa awit keparengipun panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati, kinen nderekaken lampahing adicara wonten ing wekdal menika.

Namung, saderengipun bokbilih samangkih kathah kalepatan anggenipun nderekaken lampahing adicara, kula tansah nyadhong lumunturing sih samudra pangaksama. Salajengipun badhe kaaturaken menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Nun inggih adicara ingkang sepisan pambuka. Kalajengaken adicara angka kalih nun inggih atur pambago harja saking keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Tumapaking adicara angka tiga nun inggih wedharing pangandikan saking keluarga Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Adicara angka sekawan nun inggih atur panampi saking panjenenganipun keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Sasampunipun, sumene saha pirembagan mirunggan, titilaksana adicara ingkang pungkasan nun inggih panutup.

Mekaten menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Rehning sedayanipun sampun samekta ing gati, pramila adicara tumuli badhe kawiwitan.

Sumongga kapurwakan kanthi kula dherekaken maos Basmallah sesarengan, Bismillahirrahmanirrahim. Maturnuwun. Mugia adicara menika saged lumampah kanthi rancag wiwit purwa, madya, ngantos dumugi ing wasana.



Sagung para rawuh ingkang sinugata pakurmatan, adicara angka kalih nun inggih atur pambagyaharja saking keluarga hamengku gati. Pramila dumateng Bapa Suryono minangka duta wicara, kasumanggaaken. Mekaten wijiling pangandikan saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara. Pramila ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan.

Dungkap ing titilaksana adicara angka tiga nun inggih babaring sabda saking panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Pramila dumateng Bapa Hasan Kiswoko minangka duta caraka ingkang minangka sulih sarira, sumangga.

Kados sampun terang terwaca wedharing pangandikan saking Bapa Heru Susanto, S.H. calon kadang besan lumantar duta caraka. Pramila tumuli badhe tinanggapan dening panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar Bapa Suryono minangka duta wicara murih saget atur wangsulan ingkang gumatok. Dhumateng panjenenganipun Bapa Suryono minangka duta wicara, sumangga.

Mekaten atur panampi saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara, ingkang kula pitados saestu damel suka birawaning penggalih panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan, langkung-langkung Dimas Bagus Sertu Rayhan Andrean minangka calon manten kakung, ingkang Insya Allah badhe kasembadan gegayuhanipun anggarwa Nimas Ayu Rita Hapsari, S.Pd. minangka calon manten putri. Kula ndherek memuji mugi Allah ingkang Maha Kawasa ngijabahi sedya tama panjenengan saged kasembadan kalis ing rubeda.

Para rawuh kakung saha putri ingkang dahat kinurmatan, rehning sampun wonten manunggaling rembag ingkang gumatok, pramila sinambi hanglajengaken pirembagan mirunggan, sumangga kepareng kula dherekaken tumuju ing panti bujana, kepareng angrahabi pasugatan ingkang sampun sumedya kanthi mardu mardikaning penggalih.

Para sesepuh, pinisepuh saha para rawuh kakung sumawana putri ingkang tuhu kinurmatan, sampun wonten sasmita bilih gatin ing adicara wonten ing wekdal menika sampun dumugi ing paripurna. Pramila bokbilih anggen kula ndherekaken adicara wiwit purwa, madya, dumugi ing wasana wonten kekiranganipun, saestu kula nyuwun lumunturing sih samudra pangaksama. Sumangga pepanggihan wonten ing wekdal menika hamungkasi kanthi memuji wonten ngarsa Gusti ingkang Maha Mirah kanti maos hamdalah sesarengan. Alhamdulillahirabbil 'Alamin. Pungkasaning atur, wabillahi taufiq wal hidayah, Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?

